



16 DAYS OF ACTIVISM AGAINST GENDER VIOLENCE
16 DÍAS DE ACTIVISMO CONTRA LA VIOLENCIA DE GÉNERO
16 JOURS D'ACTIVISME CONTRE LA VIOLENCE DE GENRE
25 NOV - 10 DEC <http://16dayscwgl.rutgers.edu>



Dingindira ra2011

Senzira yekutsvagiridza zvikonzero zvinokonzeresa kuwanda kwemhirizhonga kuvanhukadzi nevanasikana munyika, gore rakapera veCentre for Women's Global Leadership vakatanga chirongwa chichaitwa gore rega rega chokutsvaga kupedza zvese zvinoitika panosangana chiuto nemhirizhonga kuvakadzi. Kunyange zvazvo pane nzira dzakawanda dzekutsanangura shoko rokuti chiuto, isu tichatsanangura chiuto semaitiro anokonzeresa kutya uye achitsigira kushandiswa kwemhirizhonga, huntsinye, kana kupindira kwevechiuto senzira dzekugadzirisa bopoto pakati pevanhu nechinangwa chekumanikidza vanhu munezvehupfumi nezvematongerwo enyika. Chiuto chinokurudzira mhirizhonga dzinokonzereswa nevechirume kuvakadzi, zvinova zvikokonzeresa kushaya kuchengetedzeka nekurarama kwakanaka kuvanhukadzi, uye nekwevarume vasingabvumirane nehuntsinye ihwohwo, pamwe chete nehwenyika yose zvayo. Zviitiko zvemunyika zvanhasi uno - zvinosanganisira hondo, kurayiwa kwevakadzi, kunetswa kwevanhu vanoda kushandira shanduko munezvematongerwo enyika, nekurwisana kwakasiyanasiyana – zvinoratidza nzira dzakasiyana siyana idzo hondo inokonzeresa pakati pehukama hwedu nevavakidzani vedu, mhuri dzedu, muhupenyu hwese uye pamwe nevamwe vanhuwo zvavo munyika .

Mugore rakapera CWGL yakanzwa nhoroondo dzakasiyana-siyana kubva kunyika dzakasiyana-siyana idzo dzinoratidza kuti dingindira iri rine chekuita nehupenyu hwevanhu vakawanda munyika zhinji. Mumwe mumiririri wekodzero dzemadzimai wekuMozambique akataura kuti hapangambovi “nerufaro panyika kana hondo dzichiramba dzirimo mudzimba. ” Mashoko anokosha aya takaachengetedza, uye tinovimba kuti dingindira regore rino rinonyatsotsanangura zvizere hukama huri pakati perunyararao, misha, nyika, uye kuti rinoisa pachena zvinhu zvakaipa zvinokonzereswa nechimoto muhupenyu hwedu. Nokudaro, mashoko anotsigira dingindira redu(slogan) anoti :

Runyararo mudzimba nerunyararo munyika : Ngatirwisei chiuto tipedze mhirizhonga kuvakadzi

Senzira yekuvakiridza tsvakiridzo yakaitwa nevakange vakaungana kugadzira dingindira ra2011, hurudziro yemazuva anegumi nematanhatu yegore rino (16 Days Campaign) ichanangana nezvinhu zvisihanu zvakaonekwa saizvo zvinokosha kuneavo varimushishi yekupedza zvinokonzereswa panosangana hondo nemhirizhonga kuvakadzi :



Kuunganidza vamiririri vevanhukadzi, verunyararo uye vekodzero dzevanhu kuti varwisane nemchiuto : Kwemakore akawanda, miunganidzwa yemasangano evanhukadzi, miunganidzwa yevanomiririra kodzero dzevanhu nemiunganidzwa yezverunyararo vakakurudzira kushandiswa kwenzira dzerunyararo mukupedza mhirizhonga uye mukuwana kodzero dzavakadzi dzizere. Miunganidzwa iyi inoshora zvikuru hurongwa hwemagariro evanhu hunoita kuti mhirizhonga nekuonerwa pasi kwevamwe vanhu kuitike. Kunyange zvazvo tiine nzira dzakawanda dzingashandiswe kuunza runyararo munyika, nzira huru ingashandiswe ndeyekutarisana nekupedza chiuto uye kutsiva chiuto nenzira dzinocherechedza kodzero dzevakadzi. Mapoka anoongorora zveagariro evanhu munyika ari kuita basa rakakosha kwazvo rekukurudzira runyararo nekuchengetedzwa kwekodzero

dzevanhu vese saiyo nzira yakanaka yekuunza kuchengetedzwa kwevanhu vese munyika. Pane mitemo mizhinji nenzira zhinji zvakamiswa nemuunganidzwa wenyika dzose izvo zvinogona kutibatsira kuti tiwanire hurumende dzedu mhosva mukutadza kwadzo kuchengetedza nekukosha kodzero (dzinodai seBeijing Platform for Action, CEDAW, International humanitarian law, veHuman Rights Council dzeSecurity Council's Resolutions 1325, 1820, 1888, 1960 on Women, Peace, and Security

and more). Nzira idzi nezvisungo izvi zvinopa miunganidzwa yevanhu nzira dzekupinda nadzo pakugadzirisa kuchengetedzwa kwerunyararo senzira inocherechedza kodzero dzevanhu kwete senzira yechiuto.



Kuwanda kwezvombo zvidiki uye kushandiswa kwazvo mumhirizhonga:

Mhirizhonga mudzimba yakatekeshera munyika dzose pasi rino. Rudzi rwemhirizhonga urwu runonyanya kutyisa kana mudzimba muine pfuti, sezvo dzichikwanisa kushandiswa kutyisidzira, kukuvadza, kana kuraya vakadzi nevana. Sezvinoreva mutemo wezvombo we International Action Network on Small Arms (IANSA) Women's Network, huwandu hwevakadzi vanogona kufa kana mumba muine zvombo hwakapetwa katatu. Zvombo zvidiki izvi ndizvowo zvinokonzeresa kufa kwevanhuwo zvavo munguva dzhondo kana kusanzwisana. Zvombo zvidiki izvi hazvingotsigiri mhirizhonga kuvakadzi chete, asi kana zvasangana nevarume vanehunhu hwemanyawi, zvinokonzeresa kuenderera mberi kwemhirizhonga. Zvisinei nenzvombo – hondo kana runyararo – kana zvinokonzeresa mhirizhonga zvacho, kungovepo kwepfuti kunokonzeresa zvimwechetezvo: pfuti dzakawanda dzinorevawo ngozi yakawedzerwa kuvakadzi. Nekuda kwaizvozvo, gore rinowo tichatarisa nezvekutengeswa, kutengeserana, kuwanda uye kusashandiswa zvakana kana kwepfuti .



Kubatwa chibharo kwevakadzi munguva kana mumashure mehondo:

Chibharo inzira inowanoshand -iswa kutyisidzira,

kunyadzisa kana kurwadzisa vakadzi nenharaunda dzavo. Kumanikidzwa kwevakadzi munezvepabonde muhondo kana mumashure mehondo inzira inoshandiswa kusimbisa kudzvanyirirwa kwevakadzi uye kusimbisa hurongwa hwezvematongerwo enyika. Kunyange zvavo mhosva iyi yakatsimbidzirwa zvikuru nezvayo mumakore apfuura, kumanikidzwa kwevakadzi munezvepabonde chinoramba chiri chinhu chinodzivirira kuchengetedzeka nekugara zvakana kana kwevakadzi, nokuti kumanikidzwa uku kunokonzeresa marwadzo panyama, mupfungwa uye mune zvemagariro.



Mhirizhonga dzinokonzereswa nezvema-tongerwo enyika, kusanganisira mushure mehondo, munguva dzhondo

kana mumashure mehondo: Kushandisa mhirizhonga nekumanikidza kuti vanhu vawane simba munezvepabonde enyika kunokonzeresa marwadzo akanyanya kuvakadzi kupinda kuvarume. Kubvira kusarudzo dzinemhirizhonga umo vakadzi vanoonekwa vachimanikidzwa kusvika kukumanikidzwa kana kushandisirwa bonde kwevakadzi vanokakavara nezvematongerwo enyika uyewo kwevakadzi vanoda kukwikwidza zvigaro

zvinokonzeresa kutyorwa kwekodzero dzevakadzi. Kunyange vakadzi vachinge varwa zvakasimba uye vaita mabasa anobatsira kuwana kuzvitonga munguva dzhondo, vanowanzosiiwa kunze munezvepabonde enyika. Hurumende dzinoshandisa chisimba kuvanhu vadzo, dzinowanza kumisa kushandiswa kwemitemo panguva dzhondo huru, kana kushandisa mitemo yechigandanga kutsikirira miunganizwa yevanhu vanoda kuzvitonga kuzere uye kunekodzero nerunyararo kana senzira yekunyararidza nayo varwiri vezvekodzero dzevanhu vachishandisa maitiro echiuto ayo anoshandisa mhirizhonga senzira dzekuchengetedza nadzo vanhu.



Kumanikidzwa kwepabonde kana mhirizhonga kune vanhu vechikadzi izvo zvinokonzereswa nemapoka ehurumende, kunyanya mapurisa

nemauto: Kunyange mungava munzvombo dzisina hondo iri pachena, mhirizhonga inehunhu hwechiuto inokonzereswa nevashandi vehurumende vanopfeka mayunifomu inongoitika. Chiuto chinokurudzira kamwe katsika kehutsinye muvarume, uye kumanikidzwa kwevanhukadzi ndiko kunozongoshandiswa senzira yekuratidza simba pamusoro pevamwe vanhu. Vanhu vari muzvinzvombo zvepamusoro vanogona kufunga kuti vanongoita mhosva pasina kutongwa kana kuvharirwa muchitokisi, uye izvi zvinotoratidzwa nekuwanda kwakaita kumanikidzwa kwevakadzi muchiuto, kutyityidzirwa nemapurisa kunoitwa vakadzi vanomhangara nyaya dzekumanikidzwa, mhosva dzepabonde dzinoparwa nemauto ekuchengetedza runyararo, uye mhirizhonga dzinosangana nevakadzi vanoshanda kana kugara pedyo nemabhesi echiuto.

Pamakore akati kuti achateera, CWGL ichashanda kubatsira kusimbiswa kweshoropodzo yechiuto pamwe nemhirizhonga yakunounza, iyo ichaitwa nemibatanidzwa yevakadzi pasi rose. Kurudziro ya2011 inzira yakanaka chaizvo yekutanga kufungisisa nekutaurirana pamusoro pezvingaitwa nemubatanidzwa wevanhukadzi kurirwisa mafungiro nemaitiro anobvumira kuti mhirizhonga kuvakadzi iitike munzvimbo dzakasiyana siyana kubva munyika imwe chete kusanganisira pasi rose tenderere. Yasvika nguva inokosha zvino yekuti shoko iri risvikewo uye rikoke vakomana, varume, vatungamiriri vezvechitendero, madzishe uyewo vamwe vanhu vanokosha mubasa iri rokuvaka nyika dzine kodzero nerunyararao. Kunyange zvazvo chiuto chichinyanyotaurwa nezvacho munguva dzhondo, dingindira rekurudziro huru iyi rinotsvaga kudzamisira kunzwisira kwedu kwenzira dzakasiyana siyana idzo chiuto chinokanganisa nacho hupenyu hwedu hwamzuva ose. Chinokosha pakurudziro yemazuva gumi nematanhatu (16 Days Campaign) kuteerera nhorooondo dzevanhukadzi vemunyika dzose uye kumira tichitsigirana savanhukadzi, ichikurudzirawo zvakare kushanda zvinosimba tiri munyika dzedu kuti tisandure mafungire echiuto anokurudzira mhirizhonga. Tichitarisira kuti “runyararo mudzimba” rungafashukire sei kunounza “rugare munyika”, tinoona kuti kukosha runyararo kunoshandura mafungiro eshamwari, mhuri, nharaunda, hurumende nevamwe vanhu vese vane chekuita nerunyararao.

Semaitiro edu nguva dzose, CWGL inokurudzira vamiririri vezvekodzero dzemadzimai kushandisa kurudziro yemazuva gumi nematanhatu (16 Days Campaign) kutarisira nyaya dzekushungurudzwa kwemadzimai dzakatekeshera uye dzinonyatsobata munzvimbo dzavanogara. Panguva imweyo, tinovimbabwo kuti muchawana nzira dzekubatanidza nyaya dzemunzvimbo yenyu nedingindira renyika dzose, mugoshanda pamwe chete nevamwe vamiririri vekodzero dzemadzimai pasi rose. Mumwedzi inotevera, CWGL ichagadzira humwe huverengwa neminongedzo yechokwadi senzira yekutsvagiridza nyaya shanu dzataurwa nezvazvo pamusoro. Tinotarisira kushanda nemi zvakanaka kusimbisa kurudziro ya2011.

Zvinyorwa zvekuitisa basa muna2011

CWGL iri kugadzira minongedzo yechokwadi yakaitwa nehunyanzvi, pamwe nezvimwe zvinyorwa zvingashandiswa mukurudziro iyi, kusanganisira zvatinfungidzira kuti mungazvishandisawo pakugadzirira zvamuchaita pakurudziro iyi. Zvinyorwa zvese izvi zvichaiswa pawebsite ye 16 Days Campaign mumwedzi waSeptember. Munokwanisawo kunyorera kuna 16 Days Campaign Coordinator (16days@cwgl.rutgers.edu) muchikumbira zvinyorwa zvakatsikiswa. Senguva dzose, mashoko nezvimwe zvinobatsira pamadingindira akasiyana siyana anechekuita nemhirizhonga kuvakadzi anenge aripowo pa16 Days website kubatsira avo vanoita basa iri vakatarisana nemamwewo madingindira.

Nzira dzekugara muchiziva zvinoitika

- Dzidza zvakananda nezvekurudziro pawebsite: <http://16dayscwgl.rutgers.edu/>
- Ona mifananidzo paFlickr wotumidzirawomifananidzo yenyu kwatiri kuti tigoisawo painoonekwa nevamwe <http://www.flickr.com/photos/16dayscampaign>
- Iva nhengo ye16 Days listserve kuti ugotambirawo zvinyorwa zvedu paemail https://email.rutgers.edu/mailman/listinfo/16days_discussion
- Apo Chikumi (November) achiswera, rangerira kuisa hurongwa hwako pakarenda yedu inowanikwa painternet. Maitiro acho muchaaratidzwa pawebsite yedu munaSeptember. Onai karenda redu regore rakapera apa: <http://16daysscwg.rutgers.edu/campaign-calender>
- Iva nhengo paFacebook (Tsvaga pakanzi “The Official 16 Days of Activism Against Gender Violence Campaign”)
- Tinyorere nguva ipi zvayo! 16days@cwgl.rutgers.edu

16 Days of Activism Against Gender Violence ihurudziro yenyika dzose inobva kumusangano wekutanga we Women’s Global Leadership Institute ichitsigirwa neve Center for Women’s Global Leadership (CWGL) paRutgers University muna1991. Vakanga varipo pamusangano uyu vakasarudza mazuva maviri, November 25, International Day Against Violence Against Women, naDecember 10, International Human Rights Day, senzira yekubatanidza mhirizhonga kuvakadzi kukodzero dzevanhu uye senzira yekutsikidzira kuti mhirizhonga iyi kutyora kodzero dzevanhu.

Translated by: Dudziro Nhengu, Research and Advocacy Unit, Harare, Zimbabwe